

I. DOESOEN KALAIRAN KOELA.

Nama koela Sri Koemenjar.

Nanging koela kénégetan tjeṭa, bilih Sri Koemenjar poenika nama samboengan. Kala roemijin koela boten nama makaten.

Déné ingkang njoekani koela nama „Sri” waoe, tijang sepoeh koela angkat, pak Soerawijana, adjunct-beheerder pandhuis ing Bandjarnegara wekdal samangké.

Anggèn koela dipoen parabi Sri Koemenjar déning bapa angkat koela poenika, mawi pikadjeng makaten: „Sri” poenika noenggak-semi kalijan namaning poetranipoen pak beheerder ingkang sampoen ngadjal, inggih poenika: Sri Hartati. „Koemenjar” margi koela anak anjar, inggih anak angkat, ingkang pinanggihipoen déning bapak boten kanṭi sengadja.

Koela kapendet anak angkat dateng bapak beheerder poenika, margi sampoen tita bilih pak beheerder waoe boten saged pepoetra malih, Kadjawi Sri Hartati ingkang sampoen tilar donja waoe.

Kadjawi pōenika nama koela paringan saking tijang sepoeh koela pantjer, ginalih ndésani, mila preloe dipoen santoeni.

Dados tjeṭa wonten koela dipoen paringi nama „Sri Koemenjar” poenika boten kok namoeng kanggé paméran édi-pènining temboeng, nanging gađah maksoed ingkang premati.

Lelampahan koela kala alitan koela doemoegi koela dipoen pendet anak angkat pak beheerder, poenika inggih boten kirang narik manah, margi saking anggèn koela manggih kasangsaran, měh kémawon tiwas. Kasangsaran koela ingkang ageng poenika, taksih gawang-gawangan tjoemitàk wonten ing manah.

Koela kénégetan tjeṭa, kala samanten koela sampoen sekolah wonten ing pamoelangan doesoen, saweg klas satoenggal, sampoen měh inggah-inggahan klas kalih. Goeroe koela mèngeti wonten ing rapport oemoer koela nem taoen. Mangka kala samanten ma-noet pétingan koela — sareng sampoen mangretos — taoen Walandi 1917. Dados lair koela nalika taoen 1911, woelan oetawi tanggalipoen boten saged nginten-inten. Doemoegi titimangsa koela nggoebah karangan poenika oemoer koela sampoen 20 taoen mlampah.

Menggah doesoen asal kalairan koela poenika wonten ing karéréhan onderan lan kadistrikan Leksana, toemoet kabopatén Wanabasa; namaning doesoen waoe Taloenamba. Doesoen Taloenamba poenika doemoenoeng ing èrèng-èrènging paredèn ngendeng ing salér Leksana. Tebihipoen saking Leksana oedakawis $3\frac{1}{2}$ pal.

Marginipoen saking Leksana mangalér nekak-nekoek manoet gigiring gegoemoek toewin minggah mandap noeroet paredèn; wijaring margi boten langkoeng saking samèter, dados tamtoe kémawon boten kénging dipoen ambah ing tetoempakan. Saged-sagedipoen inggih noempak kapal.

Doesoen Taloenamba poenika mbawahaken dekah Djéngkol, doenoengipoen wonten ing sisih wétan Taloenamba kapara mangandap. Sisihipoen wétan dekah Djéngkol wonten lèpèn tjeroeng, tojanipoen alit nanging santer, mili nekoek prasasat ngoebengi doesoen Djéngkol, teroes ménggak-ménggok mangidoel, ngantos doemoegi ing lèpèn Serajoe, tempoer dados satoenggal.

Ing doesoen koela boten wonten sakolahanipoen. Déné laré-laré ing ngrikoe manawi sinaoe wonten ing pamoelangan doesoen Karangtengah, kalijan doesoen koela namoeng kaelet-eletan patégilan, satengah palan tebihipoen. Karangtengah poenika doemoenoeng wonten ing lempènging paredèn; sisih kilèn lan lèr paredèn, ladjeng lembahipoen lèpèn Preng. Sawétanipoen lèpèn Preng sampoen paredèn malih, dèng-ginandèng ngantos doemoegi ing doesoen Géndol, sawétan Leksana, kirang langkoeng tigang pal tebihipoen.

Tetijang ing doesoen ngrikoe manawi bađé dateng kitá Wanabasa, marginipoen manawi boten nrabas teroes mangétan, noeroet margi doesoen, ingkang tebihipoen boten kirang saking sadasa pal, inggih medal Leksana teroes Sélakrama, poenika namoeng sakawan pal kirang, ladjeng dipoen sambet noempak trèm S. D. S. dateng Wanabasa.

Doesoen ingkang koela tjarijosaken waoe, inggih doesoen tanah kalairan koela. Nalika koela tilar késah, sampoen boten woedjoed doesoen. Kilap sapoenika, saged oegi sampoen dipoen bangoen malih.